



RANGKUMAN BAHASA SUNDA

KELAS VI

PANGAJARAN 1.

A. Pariwara.

1. Pariwara sarua hartina jeung pengumuman atawa berita.
2. Pariwara bisa dicandak tina **radio, televisi, majalah, koran, internét**, jsb.
3. Tujuan tina pariwaran nyaéta **keur nepikeun béja atawa kajadian ka jalma réa anu teu kaburu nyaksian kana éta kajadian sacara langsung**.
4. Sanajan tujuannana sarua, tangtu aya bédana antara pariwaran tina radio jeung pariwaran tina televisi. Warta (berita) tina radio mah **ngan ukur kakuping sorana**, ari warta (berita) tina televisi mah **salian aya sorana, kajadiannan ogé bisa katingali sacara langsung, jadi bakal leuwih jelas tibatan tina radio**.

B. Kecap serepan tina basa asing.

1. Kecap serepan anu asalna tina basa **Walanda** contona:
 - ❖ émbér, baskom, dasi, anduk, saku, kosmetik, parfum
2. Kecap serepan anu asalna tina basa **Arab** contona:
 - ❖ kopéah, masjid, musola, kitab, madrasah
3. Kecap serepan anu asalna tina basa **Cina** contona:
 - ❖ loténg, tahu, soun, bapaw, tauco
4. Kecap serepan anu asalna tina basa **Sangsekerta** contona:
 - ❖ bumi, angkasa, nagara, kota, sagara

C. Harti Kecap

- Kosmétik = alat – alat kecantikan sabangsa bedak, lipensetip, minyak rambut, jsb.
- Parfum = seuseungitan sabangsa minyak sengit.
- Ekspor = ngirim barang ka luar negri, sabalikna tina impor.
- Eksportir = jalma anu ngirimkeun atawa ngajual barang ka luar negri.
- Lokasina = tempatna, perenahna
- Gawé bareng = kerjasama
- Ilaharna = umumna

- Polibég = kantong pelistik rada kandel, biasa sok dipakémelak binih, umumna warnana hideung.
- Dirajang = disiksik maké péso rajang (péso gedé)
- Sato gegeremet = serangga
- Misalah = ngagécol

D. Ngaran Patukangan

1. Anjun = tukang nyieun barang tina taneuh
2. Baramaén = tukang ngamén atawa tukang baramaén.
3. Bengkong = tukang nyunatan
4. Dalang = tukang ngalalakonkeun carita wayang
5. Kamasan = tukang nyieun perhiasan tina emas atawa perak
6. Kuncén = tukang ngajaga kuburan
7. Malim = tukang naklukeun (menjinakan) sato galak.
8. Merebot = tukang nakol bedug
9. Modin = tukang adan
10. Palédang = tukang nyieun parabot tina kaléng atawa tambaga.
11. Pamatang = tukang moro sato ngagunakeun tumbak
12. Palika = tukang teulem
13. Pamayang = tukang ngala lauk
14. Nayaga = tukang nabeuh gameulan
15. Paraji = tukang nulungan nu ngalahirkeun.
16. Panday = tukang nyieun parabot tina beusi
17. Sarati = tukang meruhkeun sato galak
18. Sindén = juru kawih atawa tukang ngawih dina wayang golék

PANGAJARAN 2

A. Kecap Rajékan

- ❖ **Kecap rajékan** nyaéta kecap anu disebut **dua kali** boh engangna boh wangu dasarna, aya ogé anu sok ditambah rarangkén deui, boh rarangkén hareup, atawa rarangkén tukang.
- ❖ Kecap Rajékan diantarana:

1. **Kecap Rajekan Dwipurwa** asalna tina dua kecap nyaéta "dwi" anu hartina "dua" jeung "purwa" anu hartina "mimiti atawa awal".

↳ contona: Mobil jadi **momobilan**, motor jadi **momotoran**, tajong jadi **tatajong**, sépak jadi **sésépak**, teunggeul jadi **teuteunggeul**.

2. **Kecap rajékan dwimadya** asalna tina dua kecap nyaéta "dwi" anu hartina "dua" jeung "madya" anu hartina "tengah," jadi kecap rajékan dwimadya nyaéta kecap anu dirajék engang tengahnya.

↳ Contona: sapeuting jadi **sapeupeuting**, sapoe jadi **sapopoé**.

3. **Kecap rajékan dwilingga atawa dwimurni** nyaéta kecap anu dirajék wangun dasarna bari teu ngarobah sorana.

↳ Conto kecap rajékan dwimurni: mobil-mobil, motor-motor, jalma-jalma, buku - buku

4. **Kecap rajekan dwiréka** nyaéta kecap anu diréka – réka.

↳ Conto kecap rajékan dwireka: pulang-pelong, luak-lieuk, tual-toel, bulak - balik

5. **Kecap rajékan trilingga** nyaéta kecap anu dirajék atawa disebut tilu kali wangun dasarna.

Contona: tang-ting-tung, dat-dit-dut, trang-tréng-trong, bla – blig – blug, dar – dér – dor

B. Kecap Sabalikna

nyaéta kecap anu miboga harti sabalikna / lawan kecap

↳ Conto kecap sabalikna :

1. Gedé sabalikna leutik / alit
2. Alus sabalikna goréng / butut
3. Ditolak sabalikna ditarima
4. Sepi sabalikna ramé
5. Bersih sabalikna kotor
6. Lila sabalikna sakeudeung (sebentar)

- 7. Jangkung sabalikna pendék
- 8. Panjang sabalikna pondok
- 9. Loba sabalikna saeutik
- 10. Mahal sabalikna murah
- 11. Béda sabalikna sarua
- 12. Kolot sabalikna budak
- 13. Jauh sabalikna deukeut

C. Kecap Sasaruaan nyaéta kecap anu miboga harti sarua

Conto : Gedé = badag = ageung (besar)

- 1. Leutik = alit
- 2. Alus – saé
- 3. Ayeuna = kiwari
- 4. Gampang = babari = gampil
- 5. Hésé = susah
- 6. Baréto = baheula (dahulu)
- 7. Sepi = jempling

D. Bituna Rasa

- 1. Hideung lestreng
- 2. Konéng enay
- 3. Héjo ngagedod
- 4. Herang ngagenclang
- 5. Bodas nyacas
- 6. Beureum euceuy

E. Babasan

- 1. Hampang leungeun = sok tunggal teunggeul ka batur
- 2. Hampang birit = sok daék ditutah titah
- 3. Atah anjang = langka nganjang, jarang nganjang
- 4. Lēsang kuras = nu teu bisa nyekel duit
- 5. Peujit korēseun = babari lapor
- 6. Laēr gado = sok kabitaan ku dahareun batur
- 7. Epēs mēēr = babari ceurik
- 8. Héjo tihang = sok pundah pindah pagawēan

F. Ngaran anak sato

1. Begog = anak monyét
2. Belo = anak kuda
3. Bilatung = anak ucing
4. Bocokok = anak buhaya
5. Buncit = anak beurit
6. Burayak = anak lauk
7. Buruy = anak bangkong
8. Cémé = anak embé (kambing)
9. Ciak = anak hayam
10. Cingok = anak bogo
11. Enéng = anak munding
12. Hileud = anak kukupu
13. Kicik / kirik = anak anjing
14. Ménél = anak gajah
15. Orok = anak jelema
16. Pedēt = anak sapi
17. Pitik = anak meri
18. Piyik = anak japati
19. Utek – utek = anak reungit

PANGAJARAN 3

A. Kecap Panganteur.

1. Am dahar	béréwék soéh	belewer malédog
2. Berebet lumpat	beretek lumpat	blug labuh
3. Brak dahar	sup asup	bray muka, beunta, caang
4. Trét nulis	breg hujan	bring arindit
5. Brus mandi	gék diuk	cakakak seuri
6. Celengok nyium	cep tiis	cléng ngacleng
7. Regot nginum	clak tumpak	crub ancrub
8. Torojol datang	cong nyembah	jep jempé, jep jempling
9. Dug saré	gantawang nyarékan	hing ceurik
10. Geleser maju	jol datang	reg eureun

11. Jetot nyiwit	rét ngarérét	jrut turun
12. Jung nangtung	segruk ceurik	léos indit
13. Leguk nginum	les leungit	oroło Utah
14. Térékél naék	pes pareum	réngkénék ngigel
15. Pok ngomong	prak digawé	rap dibaju

B. Conto kalimat anu ngandung pola kalimah (S – P – O) = (J - C - O)

1. Subjek dina basa sunda disebutna jejer.
2. Predikat dina basa sunda disebutna caritaan.
3. Obyek dina basa sunda disebutna obyék.
4. Keterangan dina basa sunda disebutna keterangan.

❖ Keterangan aya dua nyaéta:

- Keterangan waktu
- Keterangan tempat

❖ Conto kalimah anu ngandung pola kalimah jejer, caritaan (J – C)

1. Andi keur lulumpatan.
2. Budi keur dibaju.
3. Nani keur mandi.

❖ Contoh kalimah anu ngandung pola kalimah jejer, caritaan, obyek (J- C – O)

1. Rina mésér tahu.
2. Andi nendang bal.
3. Ibu nyeuseuh baju.

❖ Conto kalimah anu ngandung pola kalimah jejer, caritaan, obyék, keterangan (J-C-O- Kt)

1. Bibi nuju ngagoréng témpé di dapur.
2. Aki nuju melak cau di kebon.
3. Bapa nuju ngala lauk di balong.

❖ Conto kalimah anu ngandung pola kalimah jejer, caritaan, obyék, keterangan (J-C-O- Kw)

1. Santi mésér mobil poé Salasa.
2. Karin ngirim surat ka akina poé Kemis.

C. Kalimah aktif jeung pasif.

1. Conto kalimah aktif:

- ❖ Budi **nendang** bal di lapangan.
- ❖ Ibu keur **ngagoréng** tahu.

❖ Wawan keur ngala lauk di balong.

2. Conto kalimah pasif:

- ❖ Bal **ditendang** ku Budi di lapangan.
- ❖ Sangu keur **digorēng** ku ibu.
- ❖ Lauk **diala** kuWawan di balong.

C. Babasan

1. Kandel kulit beungeut hartina **teu boga kaéra**
2. Kurung batok hartina **resep cicing di imah**
3. Murag bulu bitis hartina **resep indit – inditan / teu betah cicing di imah**

PANGAJARAN 4.

A. Pupuh Mijil

Aduh Gusti anu maha suci
Sim abdi rumaos
Pangna abdi dumugi ka késrék
Rek ka sepuh parantos ngusi
Takabur sareng di,
Tega nundung sepuh
Aduh gusti nu kawasa
Jisim abdi ageung dosa
Pangna abdi gering nangtung
Rek ka sepuh wantun nundung

B. Pupuh Mijil

Mesat ngapung putra sang arimbi
Jeung mēga geus awor
Beuki lila beuki luhur baē
Larak – lirik ningali ka bumi
Milari sang rai
Pangeran Bimanyu

- ❖ Watek Pupuh Mijil ngagambarkeun rasa sedih/kasedih, tapi masih kēnēh aya harepan
- ❖ Guru lagu jeung guru wilang dina Pupuh Mijil nyaēta :

1. Baris kahiji 10 –i
2. Baris kadua = 6 –o
3. Baris katilu = 10 – e
4. Baris kaopat = 10 – i
5. Baris kalima = 6 – i
6. Baris kagenep = 6 – u

A. Harti Kecap

1. Sibanyo hartina ngumbah leungeun
2. Sibeungeut hartina ngumbah beungeut
3. Siduru hartina ngahaneutan awak di hareupeun hawu / tungku
4. Sidakep hartina ngalipet panangan di hareupeun dada
5. Sidéngdang hartina diuk dina bangku bari ngayunkeun suku

B. NgaranKekembangan.

- | | |
|-----------------------------------|--------------------------|
| 1. Aléwoh kembang waluh (labu) | - Bolotot kembang cabé |
| 2. Bosongot kembang bako | - Dingdet kembang sampeu |
| 3. Jantung kembang cau | - Ulated kembang bawang |
| 4. Mérékényényén kembang jéngkol | - Sari kembang salak |
| 5. Oloholok kembang kadu | - Pendul kembang peuteuy |
| 6. Ringsang kembang pare (padi) | |
| 7. Suligarkembangkalapa | |

C. Sora Sasatoan.

1. Sora anjing= ngagogog
2. Sora hayam bikang = kokotak
3. Sora hayam jago = kongkorongok
4. Sora embé = ngabérélé
5. Sora maung = ngagaur
6. Sora kuda = ngahiem
7. Sora reungit = ngahieung
8. Sora bangbara (lebah) = ngahiung
9. Sora meri /éntog = ngawékwék
10. Sora manuk = récét

PANGAJARAN 5.

A. GAYA BAHASA

❖ Conto gaya bahasa

1. **Gaya bahasa Kadalon** = gunana keur ngantebkeun caritaan.

Conto : Maju ka hareup

Mundur ka tukang.

2. Gaya bahasa Rautan = ungkara basa anu dipaké gaganti kecap séjénna atawa patula patali jeung sopan santun.

Conto : Murangkalih téh (kirang pisan) maksudna bodo.

Si Udin mah kaganggu emutanana (gélo).

3. Gaya bahasa Mijalma = ungkara anu mapandékeun barang paéh kana barang hirup.

Conto : ombak paudag – udag

sora suling mani ngabangingik.

4. Gaya bahasa Lalandian = mapandékeun barang anu mibanda sifat sarua.

Conto : Si léhér beton (Mike Tyson)

Si Raja Dangdut (Oma Irama)

5. Gaya bahasa Ngumpamakeun = ngabandingkeun barang nu geus disebut

saméméhna jeung barang deui.

Conto : Kawas kuda renggong

Lumpatna tarik kawas peucang.

B. KECAP SULUR .

➤ Kecap sulur nyaéta kecap anu dipaké pikeun gaganti kecap barang.

Conto : **abdi** diajar nari jaipongan.

➤ Nu disebut kecap sulur dina kalimah di luhur nyaéta **abdi**.

C. KALIMAH LANGSUNG / KALIMAH TEU LANGSUNG.

➤ Kalimah langsung ciri – cirinya maké tanda “ ”

Conto : Ceuk Dadang,” Kuring mah teu resep ka budak bangor!”

➤ Kalimah teu langsung. Ciri – cirina maké , yén

Conto : Bapa nyarios, yén abdi kudu getol diajar.

PANGAJARAN 6.

A. KALIMAH TRANSITIF jeung INTRANSITIF.

❖ Kalimah transitif= kalimah anu caritaannana (prédictat) ngabutuhkan obyék.

Conto : Andi **dahar jambu**.

Susan **nulis surat**.

❖ Kalimah intransitif = kalimah anu caritaannana **teu merlukeun obyék**.

Conto = Dési seuseurian

Dadang lulumpatan.

B. KALIMAH REFLEKTIF dan RESIPROKRATIF.

➤ Conto kalimah Réfléktif (ngalakukeun hiji pagawéan anu hubunganana jeung diri sorangan) = nyangsara manéh, seuri sorangan.

- Conto kalimah Résiprokatif (ngalakukeun hiji pagawéan pabales – bales) =
patarik – tarik, patonjok – tonjok, paciwit – ciwit

C. KECAP BILANGAN

- Kecap bilangan aya dua:
1. kecap bilangan utama = hiji, dua, tilu, sarébu, sajuta
 2. kecap bilangan tingkatan = kahiji, kalima, kasapuluhan , kasarebu.

D. Conto Surat

Bandung, 2 Januari 2019
Kahatur
Ibu Guru Wali Kelas VIA
SD Talenta
Bandung

Sinareng hormat,

Sinarengan ieu serat, simkuring badé ngawartosan, kumargi pun anak, Budi Mulia, murid Kelas VIA, SD Talenta, aya kaperyogian kedah ka Jakarta kanggo ngahadiran acara nikahkeun lanceukna dina dinten Senén, 4 Januari 2019, simkuring nyuhunkeun izin supados pun anak dipasihan izin henteu lebet sakola.

Kumargi éta acara keluarga téh teu kinten pentingna, simkuring miharep Ibu Walikelas tiasa masihan izin ka pun anak.

Serat ti simkuring dicekapkeun sakitu, hatur nuhun kana perhatosanana.

Hormat simkuring,

Amir Hamzah

E. BAGIAN SURAT

- a. Titimangsa surat (tanggal jeung tempat)
➤ Bandung, 22 Agustus 2018
- b. Ngaran jeung tempat anu dituju.
➤ Kahatur Nani di Garut.
- c. Salam bubuka
- d. Eusi surat
- e. Panutup surat
- f. Salam panutup (Hatur nuhun)
- g. Ngaran jeung tanda tangan.

F. KECAP PANUDUH BILANGAN.

- | | |
|------------------------------------|------------------------------|
| 2. Awi saleujeur | 16. Uyah sahuntu, sagandu. |
| 3. Bawang sasihung | 17. Béas sacanggeum, sakilo |
| 4. Bilik sagebig | 18. Cai sacangkir, saémbér |
| 5. Cau saturuy, sasikat | 19. Daun sakompét, saponggol |
| 6. Gula sagandu, sabonjor | 20. Hayam, manuk sajodo |
| 7. Jahé sarémpang | 21. Peuteuy sapapan |
| 8. Kalapa sahulu, samanggar | 22. Kembang sagagang |
| 9. Kertas sacewir, salambar, sarim | 23. Konéngsasolor |
| 10. Manusa / jelema sajodo | 24. Munding sarakit |
| 11. Nangka sanyamplung | 25. Pakéan sapangadeg |
| 12. Papan salambar | 26. Paré sageugeus, sapikul |
| 13. Roko sabatang, sabungkus | 27. Salak samanggar |
| 14. Samak saheulay | 28. Samping sakodi |
| 15. Sawah sakotak | 29. Suluh sahurun |
| 16. Taneuh / kesik sakibik | |

G. BIANTARA

***. BAGIAN BARIANTARA :**

1. Salam bubuka = Wilujeng enjing
2. Bagian bubuka = ibu miwah
3. Bagian eusi
4. Bagian panutup
5. Salam panutup = Hatur nuhu

PIDATO

1. Pidato nyaéta ungkapan pikiran atanapi perasaan anu ditujukeun keur balaréa (orang banyak) keur nepikeun hal hal anu aya di sabudeureunana (di sekitarnya), dihareupeun anu ngadangukeunana bisa ngarti jeung paham naon anu diomongkeunana.

2. Ciri – ciri pidato:

- ❖ Ngagunakeun bahasa lisan anu jadi alat komunikasina.

- ❖ Anu ngadangukeunana lobaan.
- ❖ Waktuna ogé aya aturanana, teu sakahayang.
- ❖ Tempatna ogé atos direncanakeun atanapi ditangtukeun.
- ❖ Pidato téh dilakukeunana ku saurang.

3. Cara pidato anu bener:

- a. Saméméh pidato kudu disiapkeun heula bahan anu bakal dibéwarakeunana.
- b. Kedah gaduh kabiasaan nyarios anu bener.
- c. Ngagunakeun bahasa anu bener, disaluyukeun jeung kaayaan anu rék ngadangukeun pidato.
- d. Kudu merhatikeun saha anu rék ngadangukeun pidatona.
- e. Kudu wibawaan dina pidatona jeung terang kana situasi.
- f. Perhatikeun waktu anu dipaké.
- g. Kudu pinter maca situasi.
- h. Jieun situasi anu bisa ngahibur (ngabodor).
- i. Nada mun urang nyarios kudu bervariasi, ulah monoton, ambéh nu ngadangukeun teu bosan.
- j. Gunakeun pakéan anu sopan.